

RETOUNEN APRÈ YON INONDASYON

Yon batiman ki te inonde kapab yon plas ki danjre. Enfòmasyon sa a kapab ede pwoteje tèt ou avèk fanmi ou de danje yo ki genyen nan batiman inonde yo. Li va pote tou enfòmasyon konsènan netwayaj avèk mete lakay ou an sekirite pou w' kapab viv ladan l' ankò.

FÈ ATANSYON AK DANJE SA YO :

Pa janm sipoze ke yon kay ki te andomaje pa dlo gen sekirite. Ale nan yon batiman ki te inonde, menm aprè dlo an ale, kapab prezante yon gwo varyete danje ki kapab lakòz blese, maladi oubyen menm lanmò. Pa pèmèt timoun yo rantre nan kay la aprè inondasyon an oubyen pandan y'ap netwaye, enspekte oubyen repare l' lan.

- **Danje elektrik:** Pa rantre nan yon batiman inonde oubyen mouye si gen kouran. Si nenpòt ki sikwi elektrik ta mouye, fèmen kouran nan disjonktè prensipal lan oubyen bwat fizib lan epi kite li fèmen jiskaske kab elektrik lan oubyen ekipman yo ta enspekte epi repare pa yon elektrisyen ki gen lisans epi ki apwouve pa enspektè lokal batiman ou an.
- **Domaj:** Pa rantre nan yon batiman si chapant lan oubyen fondasyon an andomaje. Gade byen anvan ou rantre. Sòti imedyatman si gen mouvman oubyen bri dwòl ta siyale ke li posib ke batiman an ta tonbe. Kontakte enspektè lokal batiman ou an pou yon enspeksyon de sekirite.
- **Materyèl Danjre:** Materyèl danjre ke nou jwenn nan kay inonde yo kapab genyen ladan yo pestisid, fioul, gazolin, pwodui chimik avèk lòt sibstans ke dlo inondasyon an ta gen dwa mennen oubyen repann. Batiman andomaje yo kapab gen ladan yo tou amyant avèk penti a plon, sa ki kapab lakòz pwoblèm sante pandan netwayaj lan. Praktikman nenpòt ki materyèl pou batiman ki pa fòseman bwa solid, metal oubyen glas kapab gen amyant. Nou kapab jwenn penti a plon nan kay anvan 1978 yo epi yo toujou kontinye itilize l' nan batiman komèsyal ak endistriyèl yo.
- **Danje ki gen rapò ak bèt avèk ensèk yo :** Gade byen anvan w' rantre nan yon batiman pou detèmine si genyen bèt ki refijye anndan l', tankou chyen, chat, raton lavè ak ronjè yo. Fè atansyon avèk sèpan ak ensèk yo, tankou gèp, founi wouj avèk marengwen yo.
- **Blese:** Bagay k'ap tonbe yo, konpozan kraze oubyen andomaje batiman yo, avèk sifas glise yo kapab lakòz blese, zo kase avèk koupe. Leve bagay lou kapab lakòz blese nan do avèk foule nan misk yo.
- **Danje biyolojik yo:** Bakteri, viris, chanpiyon (limon avèk mwezi) ak lòt mikwoòganis kapab lakòz maladi lè ou respire yo, pran nan kò w' a travè bouch ou, oubyen pran yo a travè yon po moun ki pa pwòp. Bakteri, viris avèk lòt mikwoòganis yo kapab te depoze anndan kay lan pa dlo inondasyon an, pandan ke limon avèk mwezi yo kapab grandi anndan kay aprè ke dlo inondasyon an ta fè bak.
 - **Bakteri, viris avèk lòt mikwoòganis:** Si w' ta aksidantèlman gen dlo inondasyon oubyen salte l'ap viv deyè nan bouch ou, ou kapab devlope yon maladi gastwoentestinal (aparèy dijestif).
 - **Limon avèk mwezi (chanpiyon):** Limon yo va grandi sou plizyè materyèl batiman, tankou founiti, kapèt avèk lòt bagay ki rete mouye pou plis ke 24 èd tan. Koloni limon yo se kwasans flou oubyen epapiye blan, vèt, mawon oubyen nwa yo ke ou konn wè sou plak plat, founiti an bwa avèk mèb, rad, chapant mi yo epi prèske nenpòt lòt ki sifas. Limon yo lage ti grenn tou piti nan lè a ki kapab lakòz maladi alèjik yo tankou rim fwen (touse, estène, zye k'ap grate), sentom opresyon yo avèk lòt maladi respiratwa ki kapab serye. Kèk limon kapab prodwi tou toksin ki kapab lakòz lòt maladi yo. Nou ekspoze ak limon chak jou, anndan kou deyò, men kontaminasyon pa limon kapab danjre anpil nan yon kay ki andomaje pa dlo. Risk sou lasante yo plis pou moun ki gen alèji yo oubyen opresyon, moun ki gen sistèm imin yo frajil, avèk pou moun ki aje anpil yo oubyen sa ki jèn anpil yo.

- PIPLIS-



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017

PRAN PREKOSYON LÈ W'AP TRAVAY:

- Mete yon chapo di avèk linèt de sekirite pou pwoteje zye w' lè genyen danje materyèl k'ap tonbe.
- Mete gan travay an kwi pou proteje men ou yo de koupe oubyen gan kawoutchou pou evite ekspozisyon ak pwodui chimik danjre yo.
- Mete yon bòt kawoutchou oubyen bòt avèk semèl di yo, de preferans avèk pwent lan an asye, lè w'ap travay epi ap leve bagay.
- Mete yon mask. Lè w'ap rantre nan yon batiman inonde, mete yon mask pou pousyè oubyen yon respiratè atifisyèl pou redui ekspozisyon w' a limon. Nan kinkayri avèk nan magazen founiti pou kay yo, chèche yon mask ki genyen apwobasyon NIOSH avèk klasifikasyon N95. Tou lè de mask sa yo ta dwe nan respiratè atifisyèl la avèk konntenè an. Li epi swiv enstriksyon ki sou pakè mask lan. Sonje ke mask pou pousyè founi pwoteksyon sèlman kont materyèl solid yo, tankou pousyè avèk likid. Mask pou pousyè yo pa bay okenn pwoteksyon kont gaz avèk vapè. Mask pou pousyè yo kapab jete epi ta dwe jete nan fen jounen an.
- Rete atantif. Aksidan yo pase lè moun yo fatige. Pran poz ke w' bezwen yo, epi bwè anpil likid pou evite dezidratasyon. Pa janm bwè alkòl lè w'ap travay nan yon batiman inonde.
- Pwoteje tèt ou de bakteri, viris avèk lòt mikwoòganis yo. Pou evite ke w' malad, mete gan an kawoutchou pandan w'ap travay; pa manje, bwè oubyen fimen anndan kay lan; epi lave men w' souvan avèk savon epi dlo pwòp.
- Mouye limon yo. Anvan w' manyen, deplase oubyen netwaye materyèl mwazi oubyen kanni yo, mouye limon an avèk yon solisyon savon nan boutèy spre pou evite limon an ale nan lè a. Fè sa menm si materyèl la te gen tan mouye, paske limon an pwobableman pa mouye. Sonje ke limon kapab toujou fè w' malad menm aprè ou finn flite dezenfektan (limon/touye mwezi) pou touye li.
- Fè atansyon lè w'ap leve bagay. Pou evite pwoblèm nan do lè w'ap leve oubyen okipe w' de bagay lou epi ankonbran tankou founiti oubyen kapèt, evite leve chaj ki plis ke 50 liv pa moun.
- Chèche èd. Anvan w' deranje oubyen deplase materyèl ki kapab danjre yo, pran prekosyon pou evite ekspozisyon. Si genyen sant vizib de yon pwodui chimik oubyen yon resipyan ki tonbe ki te gen yon materyèl danjre nan batiman an, mande depatman lokal lasante w' lan oubyen depatman ensandi an pou ède w'.
- Prepare w'. Si w' ta gen yon blese koupe oubyen pike ki ekspoze a dlo inondasyon oubyen salte li kite dèyè yo, wè yon doktè. Asire w' ke iminizasyon tetanòs ou an aktyalize anvan ou kòmanse travay nan yon kay. Kou w' iminize, granmoun yo ta dwe genyen yon "rapèl" woutin chak 10 lane.

Si yon batiman inonde pral okipe ankò an sekirite, li ta sipoze seche konplètman. Salte avèk fatra ke inondasyon an kite ta dwe retire de materyèl avèk founiti batiman an yo. Bagay mwazi oubyen kanni yo ta dwe netwaye epi dezenfekte konplètman oubyen ta dwe jete. Sinon, limon avèk mwezi ap retounen epi lakòz pwobableman pwoblèm sante pou ou avèk fanmi ou nan lavni. Anvan w' retounen al viv lakay ou an, pran etap sa yo ki vini aprè an:

- **Mete dezòd yo deyò.** Retire tout dlo inondasyon an, salte avèk debri ke dlo inondasyon an kite dèyè.
- **Retire tout limon ak mwezi.** Nenpòt ki materyèl oubyen founiti ki ka ranmase dlo ta dwe jete deyò batiman an. Lòt materyèl batiman ki mwazi oubyen kanni ta dwe netwaye konplètman epi seche oubyen retire epi ranplase.
- **Cheke atè a.** Kapèt avèk matla pa kapab netwaye ase byen pou evite limon avèk mwezi grandi. Voye yo jete. Mete planche an avèk anba li deyò si yo pa kapab netwaye konplètman epi seche oubyen si yo te kòmanse deteriore. Rès planche an avèk anba li ta dwe seche konplètman epi dezenfekte. Asire w' ke pa gen okenn imidite ki pyeje nan oubyen sou planche anba a. Planche anba a ki fèt avèk pano patikil oubyen playwoud lan ta dwe retire epi ranplase paske li pa kapab netwaye ak dezenfekte konplètman. Vid sanitè yo ta dwe netwaye tou epi seche.

- PIPLIS-



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017

RETOUNEN APRÈ YON INONDASYON

- **Seche mi yo.** Mi ki te mouye yo ta dwe debarase jis nan chapant yo epi retire izolasyon an. Mi yo ta dwe rete ouvè pou pèmèt yo seche konplètman. Kèk lòt tou nan mi yo ta dwe enspekte pou kwasans limon vizib yo. Nenpòt ki pati nan tou nan mi an avèk kwasans limon ki vizib ta dwe ouvè, netwaye, dekontamine epi seche. Deyò chak batiman (pati an bwa, elatriye.) ta bezwen evalye pou wè si nenpòt oubyen tout materyèl eksteryè yo ta dwe retire. Plat, brik avèk blòk an beton mi yo kapab pwobableman netwaye, dezenfekte epi seche konplètman.
- **Cheke sistèm vantilasyon chofaj avèk è-kondisyone (HVAC).** Si sistèm HVAC an oubyen konduit lè yo ta inonde, itilize swen espesyal. Pati anndan sistèm chofaj avèk è-kondisyone yo ki te rantrè an kontak avèk dlo inondasyon an se kachèt pou limon yo. Si limon grandi nan sistèm nan, patikil limon yo kapab rantrè nan lè an epi fè moun yo malad. Eleman anndan yo (founo, resò fre ak vantilatè è-kondisyone yo) ta bezwen enspekte, netwaye avèk dekontamine pa pwofesyonèl. Rejistè lè an (tiyo ayerasyon yo) avèk difizè yo ta dwe retire, netwaye, dezenfekte epi enstale ankò. Ranplase konduit lè an liy yo avèk tablo konduit ki te mouye yo. Travay konduit ki pa genyen fèy metal sou yo kapab demonte, lave, dezenfekte, seche epi remete ansanm. Sèvis netwayaj konduit lè yo pa vrèman efikas nan netwaye konduit lè ki te inonde epi yo sèlman itil nan konduit ki pa gen fèy metal sou yo.
- **Sove sa w' kapab.** Personal property and furnishings that are moist or wet 24 hours after floodwater recedes will have mold growing in or on them. Clothing and linens may be salvaged by washing with chlorine bleach and detergent, or sent to commercial laundries or dry cleaners. Upholstered furniture, mattresses and furniture made of particleboard or wafer board should be thrown away. Pwopriyete avèk founiti pèsònèl ke imidite oubyen mouye 24 èd tan aprè ke dlo inondasyon an fè bak ap genyen limon k'ap grandi anndan oubyen sou yo. Rad avèk lenn kapab sove nan lave yo avèk klowòks epi detèjan, oubyen voye yo nan lavaj komèsyal oubyen dray. Founiti ki fèt ak tapi yo, matla avèk founiti ki fèt avèk aglomerasyon oubyen wafer board yo ta dwe jete.
- **Retire kontaminatè yo .** Asire w' ke tout kontaminasyon pwodui chimik avèk materyèl danjre yo te retire nan batiman an. Pou l' bon jan jete, kontakte sèvis ramasaj fatra lokal ou an.
- **Asire w' ke tout pati batiman yo seche anvan w' rebati oubyen repara.** Limon yo va grandi sou materyèl ki ranplase yo si chapant yo, anba planche oubyen lòt pati nan batiman an pa t' finn seche konplètman. Konstriksyon an ta dwe teste avèk yon kontè imidite anvan w' kòmanse ranplase pati andomaje nan kay ou an.

NETWAYE EPI SECHE TOUT SWIT :

- Materyèl ki pa pèmeyab yo (materyèl ki pa bwè dlo yo) avèk founiti ak lòt sifas yo ta dwe netwaye konplètman, dezenfekte epi pèmèt ke yo seche konplètman.
- Premyèman, foubi tout sifas yo avèk detèjan ak dlo epi rense byen. Foubi an retire limon, espò limon yo avèk salte ke limon avèk mwezi kapab grandi sou yo an.
- Dezenfekte tout bagay. Klowòks likid ta dwe itilize pou dezenfekte epi touye nenpòt ti rès limon ak mwezi ki rete. Swiv enstriksyon sou etikèt lan epi kite klowòks lan rete sou sifas lan pou pi piti 15 minit anvan w' rense l' epi kite l' seche.
- Aprè netwaye epi dezenfekte, ou ta dwe seche konplètman chak bagay oubyen limon avèk mwezi yo va retounen. Pou seche pi rapid, kite lè fre sikile.

- PIPLIS-




MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017

Bagay ki pi enpòtan ou kapab fè pou pwoteje tèt ou se itilize bon sans epi konsyan de sekirite ak risk sou sante yo. Pa rantre nan yon batiman ki nètman pa si. Si w' gen kesyon oubyen w' bezwen asistans, kontakte depatman lasante lokal ou an oubyen biwo enspeksyon batiman yo.

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept

Information is courtesy of the North Carolina Department of Health and Human Services Division of Public Health Occupational and Environmental Epidemiology Branch, http://epi.publichealth.nc.gov/oee/a_z/mold.html.